

# Enskripsyon pou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun – Sa Ou Dwe Konnen

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan mete timoun yo an premye lè li ede tou de paran yo bay byennèt ekonomik ak sosyal, sante ak establite pitit yo. Sèvis yo enkli asistans pou jwenn paran ki pa gen gad, etabli lyen parante, etabli pansyon alimantè pou timoun ak sipò medikal, kolekte ak distribiye peman pansyon alimantè pou timoun, epi modifiye ak fè respekte lòd pansyon alimantè pou timoun yo.

## Kòm yon benefisyè sèvis pansyon alimantè, w ap:

- Kenbe enfòmasyon w yo konfidansyèl.
- Resevwa avi sou sèten aktivite dosye a.
- Resevwa peman rapid pou pansyon nou kolekte.
- Resevwa avi alè sou odyans ki pwograme yo.
- Resevwa kopi lòd tribinal ak desizyon odyans.
- Resevwa sèvis menm si ou pa gen yon pozisyon legal epi nou p ap janm rapòte estati w.

## Ou ka:

- Mande tès jenetik pou w konfime lyen parante.
- Pa dakò ak kèk aksyon nou pran.
- Anboche yon avoka pou reprezante w.
- Mande yon revizyon peman ou te resevwa oswa debouse.

## Ou gen responsabilite pou ou:

- Bay enfòmasyon pou nou trete dosye w la.
- Ranpli dokiman yo mande yo.
- Kolabore avèk nou pou w ka franchi pwochen etap nan bay sèvis yo.
- Pataje chanjman nan sikonstans ou, tankou chanjman nan adrès ou ak nimewo telefòn ou.
- Asire ke tout peman sipò yo peye atravè nou menm.

## Kisa Nou Pral Fè Apre nou Fin Resevwa Fòm Enskripsyon Pansyon Alimantè Timoun Ou an

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan ap pran mezi pou bay pitit ou yo sipò yo bezwen nan men lòt pati a, tankou jwenn enfòmasyon sou adrès ak travay; ede w ranpli yon Rekonesans Lyen Parante; depoze petisyon tribinal pou etabli oswa modifiye yon lòd sipò; ak kòmanse kenbe revni. Asire w ou kenbe Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan ajou. Notifye nou si gen yon chanjman nan gad pou yon timoun; yon chanjman nan adrès postal ou, nimewo telefòn, oswa adrès imel ou; oswa lè ou jwenn nouvo enfòmasyon sou lòt pati a. Rele Liy Asistans pou Pansyon Alimantè Timoun lan gratis nan **888-208-4485 (TTY: 866-875-9975 – Sèvis Relè <http://www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers>)** oswa kontakte biwo pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte dbiwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan, ansanm ak yon lyen pou imèl la, nan: <https://www.childsupport.ny.gov/DCSE/LocalOffices>.

## Frè, Peman ak Debousman

**Frè:** Lwa federal egzije nou pou nou chaje yon frè anyèl 35 dola pou chak ka kote nou te kolekte omwen 550 dola nan peman pansyon timoun ant 1ye oktòb ak 30 septanm, men sèlman si ou **pa janm** te resevwa benefis Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF). Frè a dedwi nan pansyon timoun nou kolekte a.

**Peman:** Lwa federal ak eta a detèmine fason nou aplike peman yo. Yo peye pansyon aktyèl yo an premye, answit prim asirans sante, ak pansyon ki anreta yo (aryere) yo peye apre sa.

Si paran ki pa gen gad la pa touche ase pou kouvri ni kantite lajan pansyon alimantè timoun aktyèl la ni frè kouvèti asirans sante a, n ap kolekte kantite lajan pansyon timoun aktyèl la an premye. Nan sitiyasyon sa a, ou p ap peye depans pwoteksyon swen sante a.

Remake ou ka **pa** resevwa dirèkteman peman pansyon alimantè tribinal òdone resevwa nan men paran ki pa gen gad la. Si sa rive, voye peman an imedyatman bay New York State Child Support Processing Center (SDU), P.O. Box 15363, Albany, NY 12212-5363. **Pa voye lajan kach.**

**Debousman:** Debousman yo ka fèt pa kat debi, depo dirèk oswa chèk sou papye. Nan kèk ra sikonstans, ka gen yon peman anplis ki fèt. Ou responsab pou w retounen oswa ranbouse lajan sa yo. Nou pral kontakte ou pou w fè aranjman pou ranbousman montan an yo peye anplis la.

## Pwoblèm Sekirite

Si nou konnen pwoblèm sekirite ou, nou ka ede.

- Si ou pa ka resevwa kourye san danje nan adrès ou, tribinal la ka pèmèt itilize yon lòt adrès postal.
- Ou ka mande pou w parèt nan tribinal pa telefòn oswa videyo, olye an pèsòn.
- Ou ka mande tribinal la pa revele lokal ou, kote w rete, oswa anplwayè w, pami lòt prekosyon.
- Randevou w nan laboratwa pou tès jenetik pou etabli lyen parante yo ka pwograme yon fason separe ak lòt paran an.
- Yo ka make ka pansyon timoun ou an pou kenbe enfòmasyon pèsònèl ou konfidansyèl.

## Sèvis Legal

**Si pitit ou yo resevwa Asistans Tanporè oswa Medicaid**, yo ofri sèvis legal gratis. Otreman, ou ka chwazi mande ak peye pou sèvis legal pou etabli lyen parante oswa pou etabli, modifiye oswa fè respekte yon òdonans pansyon alimantè pou timoun lè w ranpli Akò sou Dwa pou Rekiperasyon pou Sèvis Legal (LDSS-4920). Yo pa bay sèvis legal pou zafè gad oswa vizit, negosyasyon, oswa redaksyon akò matènite.

Avoka yo mete sou ka w la se reprezantan legal Komisè distri sèvis sosyal la epi **pa** reprezante w pèsònèlman. Nenpòt enfòmasyon ou bay avoka distri sèvis sosyal la oswa anplwaye yo pa ka rete konfidansyèl.

## Vi Prive Ou

Nimewo Sekirite Sosyal: Nou pran vi prive w trè oserye. Seksyon 466(a)(13) Lwa Sekirite Sosyal la egzije pou tout moun ki sijè a lòd pansyon alimantè timoun pou bay nimewo Sekirite Sosyal yo. Nimewo Sekirite Sosyal yo rete nan dosye ka yo epi yo itilize sèlman pou rezon lalwa pèmèt, tankou oiy jwenn paran yo pou etabli lyen parante ak/oswa etabli, modifiye, ak fè respekte obligasyon pansyon.

**Pou lòt enfòmasyon, gade <https://otda.ny.gov/programs/applications/5258A.pdf> ak [childsupport.ny.gov](https://childsupport.ny.gov).**

# Fòmilyè Enskripsyon pou Pansyon Alimantè pou Timoun

## Pale Nou de Ou

Mwen se (tcheke youn):  Paran ki gen Gad la  Paran Ki Pa Gen Gad  Moun yo di ki Paran  Moun ki gen Entansyon vin Paran  pou Timoun

Responsab – Relasyon:

Ki lang ou plis pale?

Anglè  Panyòl  Lòt

Ki lang ou li pi souvan?

Èske w bezwen yon entèprèt?  Wi  Non

## Pwoblèm Sekirite

Èske w santi w ap blese fizikman oswa emosyonèlman si w mande sèvis pansyon alimantè pou timoun?  Wi  Non

Ou ka mete ajou enfòmasyon sou sekirite a nenpòt kilè. Menmsi ou te deja di pwofesyonèl Pansyon Alimantè pou Timoun oswa Asistans Piblik ou ke ou pa t gen okenn enkyetid sou sekirite, bagay yo ka chanje — epi nou vle ede w rete an sekirite. Sekirite w se yon priyorite.

## Istorik Pansyon Alimantè pou Timoun

Èske w resevwa sèvis pansyon alimantè pou timoun kounye a?  Wi  Non

Si wi, ki kote? Konte  Eta  # Dosye

Èske w te resevwa sèvis pansyon alimantè nan tan pase?  Wi  Non

Si wi, ki kote? Konte  Eta  # Dosye

## Istorik Asistans Piblik

Èske w te aplike oswa èske w resevwa benefis asistans piblik (pa egzanp, Asistans Tanporè oswa Medicaid)?  Wi  Non

Si wi, ki kote? Konte  Eta  # Dosye

Èske w te resevwa Benefis Asistans Tanporè nan tan pase?  Wi  Non

Si wi, ki kote? Konte  Eta  # Dosye

Dat ou te resevwa dènye asistans (MM/JJ/AAAA)

## Tout non ou

Prenon  Dezyèm prenon  Non fanmi  Sifiks  Alyas oswa Lòt Non Yo Konnen

SSN/ITIN Ou

Sèks Ou

Fanm  Gason  X  Lòt

Dat nesans Ou (MM/JJ/AAAA)

## Adrès Kay ou

Street  Vil  Eta  Kòd Postal

## Adrès postal Ou (si li diferan de adrès kay la)

Street  Vil  Eta  Kòd Postal

## Enfòmasyon Kontak Ou

# Telefòn Lakay  # Telefòn Selilè  Lòt # Telefòn  Imèl

## Enfòmasyon sou Kouvèti Swen Sante Ou

Si w ap travay, èske patwon/òganizasyon w ofri oswa bay benefis asirans sante?  Wi  Non  Pa konnen

Si "Wi", ki kalite kouvèti ou genyen?  Kouvèti Endividyèl  Kouvèti Fanmi  Ankenn  Pa konnen

Èske timoun ou yo resvwa Medicaid?  Wi  Non

## Sitiyasyon Matrimonyal pou Lòt Pati a

Èske w te janm marye ak lòt pati a?  Wi, Dat Maryaj:  Dat Divòs:   Non

**Pale nou sou Lòt Pati a** (Ranpli yon Fòm Enskripsyon pou Pansyon Alimantè pou Timoun apa pou chak lòt pati.)

Lòt Pati a se (tcheke youn):  Paran ki gen Gad la  Paran Ki Pa Gen Gad  Moun yo di ki Paran  Moun ki gen Entansyon vin Paran  
 Responsab – Relasyon:

**Non Konplè**

Tcheke isit la si ou pa konnen okenn pati nan non lòt Pati a.

Prenon  Dezyèm prenon  Non fanmi  Sifiks  Alyas oswa Lòt Non Yo Konnen

SSN/ITIN  Sèks  Fanm  Gason  X  Lòt  Dat nesans (MM/JJ/AAAA)

**Adrès Kay**

Street  Vil  Eta  Kòd Postal

**Adrès postal** (si li diferan de adrès kay la)

Street  Vil  Eta  Kòd Postal

**Enfòmasyon Kontak**

# Telefòn Lakay  # Telefòn Selilè  Lòt # Telefòn  Imèl

**Travay**

Èske lòt pati a ap travay?  Wi  Non  Pa konnen Dènye dat li t ap travay:

Non Anplwayè/Biznis   Aktyèl  Dènye yo Konnen

**Adrès Anplwayè/Biznis**

Street  Vil  Eta  Kòd Postal  # Telefòn

Èske lòt pati a ap travay ak tèt li?  Wi  Non  Pa konnen

Èske Lòt Pati a ap resewva Benefis Asirans Chomaj?  Wi  Non  Pa konnen

**Pale Nou sou Timoun ki Bezwen Pansyon Alimantè nan Men Lòt Pati sa a**

Non (Prenon/Dezyèm P./Non Fanmi)	SSN/ITIN	Dat Nesans (MM/JJ/AAAA)	Sèks	Èske yo te etabli lyen parante?	Si wi, kijan?	Èske gen yon lòd pou pansyon alimantè pou timoun sa a?	Si wi, ki dat lòd la?
			<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Poko fèt <input type="checkbox"/> Lòt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	<input type="checkbox"/> Lòd Tribinal la <input type="checkbox"/> Rekonsans Lyen Parante <input type="checkbox"/> Fèt Pandan Maryaj	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	
			<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Poko fèt <input type="checkbox"/> Lòt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	<input type="checkbox"/> Lòd Tribinal la <input type="checkbox"/> Rekonsans Lyen Parante <input type="checkbox"/> Fèt Pandan Maryaj	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	
			<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Poko fèt <input type="checkbox"/> Lòt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	<input type="checkbox"/> Lòd Tribinal la <input type="checkbox"/> Rekonsans Lyen Parante <input type="checkbox"/> Fèt Pandan Maryaj	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	
			<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Poko fèt <input type="checkbox"/> Lòt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	<input type="checkbox"/> Lòd Tribinal la <input type="checkbox"/> Rekonsans Lyen Parante <input type="checkbox"/> Fèt Pandan Maryaj	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen	

# Fòm/Afimasyon Enskripsyon pou Pansyon Alimantè pou Timoun

Lè mwen siyen anba a, mwen konprann epi mwen dakò:

**M ap aplike pou sèvis pansyon alimantè pou timoun dapre Seksyon Lwa Sèvis Sosyal Eta New York 111-g** ak dapre Tit IV-D Lwa federal sou Sekirite Sosyal la oswa ap aplike pou m **resevwa Asistans Tanporè ak/oswa Medicaid**. Mwen souskri ak afime sou pèn pou fo temwayaj ke enfòmasyon mwen te bay nan fòm enskripsyon sa a ak nenpòt dokiman ki akonpaye yo te egzamine pa mwen menm epi, dapre pi bon konesans mwen ak kwayans mwen, se verite ak kòrèk. Mwen pral kolabore ak Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan efò li fè pou bay sèvis yo, epi mwen dakò pou m mete biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal mwen okouran imedyatman sou nenpòt enfòmasyon ki nouvo oswa ki chanje ki gen rapò ak enfòmasyon mwen te bay yo.

Mwen te resevwa dokiman **Enskripsyon pou Sèvis Pansyon Alimantè pou Timoun – Sa Ou Dwe Konnen**, ki gen ladan enfòmasyon sou ranbousman peman anplis yo. Mwen konprann ke nan ka ra, yon peman anplis ka rive. Anplis de sa, mwen konprann se responsablite mwen pou retounen oswa ranbouse lajan sa yo epi w ap kontakte m pou mande ranbousman. Mwen ka remèt montan peman anplis lan nan yon sèl peman, oswa mwen ka mande w kenbe vennsenk pousan (25%) nan koleksyon jiskaske ranbousman peman anplis la fèt. Mwen konprann ke konsantman pou kenbe 25% nan koleksyon alavni an se opsyonèl.

Mwen konprann ke Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan ka voye korespondans elektwonik ki gen ladan imèl, mesaj tèks oswa lòt mwayen ki disponib yo. Pou asire konfidansyalite, mwen konprann ke se responsablite mwen pou m bay yon adrès imèl ak nimewo telefòn selilè ki valab, aktif, ak an sekirite, epi pou m fè Biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lokal mwen an konnen lè enfòmasyon sa a chanje.

## Dispozisyon Opsyonèl:

- Mwen pa swete resevwa korespondans elektwonik.
- Mwen ta renmen resevwa sèvis pansyon alimantè pou timoun menmsi yo jwenn mwen pa elijib pou Asistans Tanporè ak/oswa benefis Medicaid.** Mwen konprann ke nan sitiyasyon sa a, y ap pran yon frè sèvis anyèl 35 dola si mwen pa te janm resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) epi Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kolekte omwen 550 dola pou mwen pandan ane fiskal federal la (1ye oktòb jiska 30 septanm).
- Mwen swete mande sèvis legal yo. (*Y ap ba w yon Akò sou Dwa pou Rekiperasyon pou Sèvis Legal [LDSS-4920] pou w konplete.*)

Siyati:

Dat:

Non an Ekri ak Lèt Detache:

## Plis enfòmasyon sou Lòt Pati a

(egzanp, deskripsyon fizik/foto, lang prensipal, enfòmasyon sou machin, sitiyasyon anprizònman)

### For Agency Use Only

- For Safety Net Assistance referrals only: I, the Commissioner or Commissioner's Designee of the social services district, hereby apply for child support services pursuant to New York State Social Services Law §111-g.

Commissioner/Designee Signature:

Date:

Commissioner/Designee Printed Name:

Date Received

Family Violence

Yes

No

If YES, Family Violence Indicator

District Referral Case Number

Assistance Program Worker Code

NY Case Identifier

Child Support Worker Code

## Fòm Enskripsyon – Dokiman Sipò

Bay **kopi** Biwo Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun ou a tout dokiman sipò ki disponib yo. Dokimantasyon sipò yo nesèsè pou Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun nan kontinye ak dosye sipò pansyon alimantè pou timoun ou an. Dokimantasyon sipò ede tribinal la tou pou detèmine revni chak paran ak obligasyon de baz pansyon alimantè pou timoun. **TCHEKE** (✓) bwat yo ki endike ki dokiman w ap bay yo.

**Pa voye dokiman orijinal yo pa lapòs.**

### Dokiman Jeneral

- Idantifikasyon Aplikan (egz., lisans chofè, paspò)
- Petisyon pou Pansyon Alimantè pou Timoun     Lòd Pansyon     Sètifika Maryaj     Akò Separasyon
- Dekrè Divòs oswa Dispozisyon     Lòd pou Gad     Lòt Pwoteksyon / Lòd Limit     Kat Benefis Asirans Sante
- Deskripsyon Plan Rezime Benefis Asirans Sante yo     Lòt

### Dokiman Paran ki Gen Gad

- Fich peman resan     Deklarasyon Taks Federal sou Revni ki pi resan ak tout anèks yo     W-2
- Kat Sekirite Sosyal / Lèt IRS pou ITIN     Sekirite Sosyal / Lèt Prim Revni Sekirite Sipleman
- Lòt

### Dokiman Timoun (pou chak timoun)

- Batistè     Òdonans pou Tabli Parantaj (eg., Òdonans Filyasyon, Jijman sou Lyen Parante)     Rekonesans Patènite/Parantaj nan dat
- Deklarasyon sou Sèman Ki Di Se Moun lan ki Papa/Parantaj     Kat Sekirite Sosyal     Prèv Depatns pou Gadri     Prèv Depans Edikatif
- Prèv Depans Swen Sante ki pa ranbouse     Sekirite Sosyal/Lèt Prim Revni Sekirite Sipleman
- Akò Sibvansyon Adopsyon (peman ant paran adoptif yo ak LDSS) oswa Akò Plasman (timoun yo plase nan bi pou adopsyon)
- Akò pou Repwodiksyon Asiste/Matènite Sibstitisyon     Lòt

### Dokiman Paran Ki Pa Gen Gad/Moun yo Di ki Paran yo

- Kat Sekirite Sosyal / Lèt IRS pou ITIN     Fich peman resan     Deklarasyon Taks Federal sou Revni ki pi resan ak tout anèks yo
- W-2     Avi sou Avantaj Asirans pou Chomaj     Sekirite Sosyal / Lèt Prim Revni Sekirite Sipleman
- Sèvis Militè (DD-214)     Enfòmasyon sou prizon, pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl
- Avi sou benefis Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesèsite (TANF)     Prèv MA, SNAP ak/oswa Rezidans nan Abri
- Enfòmasyon sou Pwofesyonèl, Biznis, Okipasyon, Rekreyasyon oswa Lisans Chofè
- Lòt